

# PRAN SWEN FANMI W

Resous, sèvis ak pwogram nan Massachusetts pou ede ou menm ak fanmi w.

## Sèvis Sante

### Enfòmasyon sou Vaksen pou Timoun pou Paran ak Responsab Swen yo

<https://www.mass.gov/info-details/childhood-vaccine-information-for-parents-and-caregivers>

Vaksinasyon se youn nan pi bon fason ki kapab pwoteje tibebe, timoun ak adolesan apati 16 kont maladi ki gen chans pou danjere. Maladi nou kapab anpeche yo kapab grav anpil li ka mande pou nou entène, oswa menm mouri—espesyalman lakay tibebe ak jenn timoun yo. Paran yo kapab bay pi bon pwoteksyon pandan y ap suiv pwogram vaksinasyon ki rekòmande a.

### MassHealth Dental/DentalQuest

1-800-207-5019

<https://www.masshealth-dental.net/Home>

Sante nan bouch enpòtan pou timoun, li kòmanse lè premye dan tibebe yo parèt ant 6 ak 12 mwa. Timoun yo dwe al wè yon dantis nan premye anivèsè yo. Nou ankouraje fi ki ansent yo pou ale kay dantis pandan gwosès la pou asire yo gen bon ijyèn nan bouch. Manm MassHealth kapab jwenn èd pou yo jwenn yon pedyat oswa dantis jeneral.

## Resous Sekirite

### Sekirite pou chèz nan machin

#### Jwenn yon enspeksyon machin ki bò kote w

<https://www.mass.gov/service-details/find-a-car-seat-inspection-site-near-you>

Chwazi epi enstale chèz machin ki kòrèk la enpòtan nan prevansyon blesi grav oswa ki lakòz lanmò. Gen verifikasyon sekirite chèz machin ki disponib gratis nan sit enspeksyon ki nan tout eta a pou asire yo byen enstale..

### Sant Rejyonal pou Kontwòl ak Prevansyon Pwazon

1-800-222-1222

<http://www.maripoisoncenter.com/>

Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Pwazon (Poison Control and Prevention) kapab bay tretman pandan 24 òda pou sipòte tout kalite anpwazonman. Paran oswa moun k ap bay swen yo ka kontakte sant lan si yon timoun te vale materyèl ki gen pwazon, li mal pran medikaman, li te pran pwodui ki fèt nan kay la, li te ekspozé a nenpòt sibstans chimik oswa li te gen yon bèt nuizib ki mòde l oswa pike l.

## Sèvis Sipò

### Paran k ap Ede Paran (Parents Helping Parents)

1-800-632-8188

#### Liy Estrès pou Paran (Parent Stress Line)

<https://www.parentshelpingparents.org/parental-stress-line>

Liy Estrès Paran an disponib pou paran ak responsab legal ki gen estrès oswa ki debòde. Si w bezwen yon moun pou w pale, Liy Estrès pou Paran an disponib 24 sou 24 epi li gen konseye volontè ki resevwa fòmasyon pou ofri alafwa sipò nan senpati epi yo fè san yo pa jije. Gen yon sèvis nan plizyè lang ki disponib.

### SafeLink

1-877-785-2020

Depatman Sante Piblik Massachusetts (Massachusetts Department of Public Health)

TTY: 1-877-521-2601

<https://www.mass.gov/info-details/massachusetts-safelink-resources>

SafeLink se yon liy dirèk pou vyolans domestik nan tout eta a ki louvri 24 sou 24. SafeLink ofri planifikasyon sekirite, sipò pou sivivan yo, ak enfòmasyon souabri ijans yo. Gen yon sèvis nan plizyè lang ki disponib.

**Sipò pou Apre Akouchman Massachusetts (Massachusetts Postpartum Support)**

**International Warm Line**

**1-866-472-1897**

**Resous pou Depresyon apre Akouchman pou Manman yo (Postpartum Depression Resources for Mothers)**

<https://www.mass.gov/service-details/postpartum-depression-resources-for-mothers>

Gen sèvis sipò ki disponib pou nouvo manman ki ka santi enkyetid oswa santiman tris yo pa konprann apre akouchman an. Gen anpil resous ki disponib pou idantifye nenpòt siy oswa sentòm depresyon apre akouchman.

**Kowalisyon Defansè Refijye ak Imigrasyon nan Massachusetts**

**(Massachusetts Immigration & Refugee Advocacy Coalition , MIRA)**

**617-350-5480**

<https://www.miracoalition.org/>

MIRA se yon òganizasyon defansè nan tout eta a ki bay enfòmasyon sou pwogram ki disponib pou imigran ak refijye yo, tankou dwa imigran yo ak chanjman nan règ ak règleman imigrasyon yo.

## **Itilizasyon Dwòg oswa Alkòl ak Resous pou Prevansyon**

Itilizasyon sibstans ka afekte sante w ak byennèt fanmi w. Si w ap lite ak itilizasyon sibstans oswa ou vle plis enfòmasyon, kontakte founisè swen sante w oswa youn nan pwogram ki anba yo.

**Pwogram pou Prevansyon epi pou Kanpe ak Tabak nan MA**

**(Tobacco Cessation and Prevention Program)**

**1-800-784-8669**

**(MTCP)/Liy Diròk pou Moun ki Fimen**

<https://www.mass.gov/massachusetts-tobacco-cessation-and-prevention-program-mtcp>

MTCP ap travay pou li ede moun ki pran tabak ak nikotin pou kounye a kite epi l ap travay tou pou pwoteje timoun ak granmoun kont lafimen ki soti nan sigarèt, ak plis ankò. .

**Liy Asistans pou Moun ki pran Dwòg oswa Alkòl nan MA**

**1-800-327-5050**

**Depatman Sante Piblik Massachusetts (Massachusetts Department of Public Health)**

<https://www.helpline.ma.org>

Liy Asistans pou moun ki pran dwòg oswa alkòl bay enfòmasyon konfidansyèl gratis ak referans pou sèvis tretman ki gen rapò ak maladi alkòl ak lòt itilizasyon sibstans.

**Journey Recovery Project**

**1-800-327-5050**

**Resous pou Rekiperasyon pou Moun ki Ansent oswa pou Apre Akouchman**

<https://journeyrecoveryproject.com/>

Menm si ou nan rekiperasyon ou oswa ap aprann vin paran, sit entènèt sa a bay konsèy, enfòmasyon, ak resous pou pran swen tèt ou ak fanmi ou. Si w bezwen èd pou jwenn tretman, rele Liy Asistans pou Itizasyon Dwòg oswa Alkòl nan Massachusetts nou dekri pi wo a nan 1-800-327-5050 (TTY:617-536-5872. 617-536-5872).

**Mariwana ak Gwosès ak Bay Tete**

<https://www.mass.gov/info-details/marijuana-and-pregnancy-and-breastfeeding>

Lè w pran mariwana anvan ou ansent, pandan gwosès, ak apre akouchman li ka afekte sante w ak sante tibebe w la. Li pa rekòmande pou pran mariwana si w ap bay tete epi/oswa pran swen youn tibebe. Pale avèk doktè w si w ap itilize mariwana epi w ansent, oswa si w ap planifye pou w ansent.

**1-800-WIC-1007**



**Pwogram Nitrisyon WIC • Divizyon Nitrisyon**  
Depatman Sante Piblik  
Enstitisyon sa a ofri tout moun opòtinite egale.

